

Pawòl Ko-edite yo

Òganizasyon teritwa a, lanviwonman ak lagrikilti

Carlo Prével et Jean-Marie Théodat

Kaye tematik sa a rasanble twa tèm ansanm, tèm sa yo konekte yonn ak lòt nan fason pou jere espas peyi a. Genyen lontan yo pa janm sispann di nou, Ayiti se yon peyi ki fèt pou li pratike lagrikilti, kòmkiwa yon peyi agrikòl. Men, ki vrè sans pawòl sa a : peyi agrikòl? Pandan tout 19^{yèm} syèk la Ayiti rete nan menm plas la avèk menm estrikti pwodiksyon nasyonal la epi repwodiksyon sosyal li te jwenn nan peryòd kolonyal anvan lagè endepandans lan (se te epòk « *Perle des Antilles* la ») ansanm ak divès lane ki vini apre peryòd endepandans lan. Ayiti te rate anpil chans pou li te chanje sistèm pwodiksyon li yo, yon fason pou li te kab rete konekte ak transfòmasyon sosyo-teritoryal ki te soti, nou kab pran kòm ekzanp, nan devlopman Leta-nasyon an, nan fason yon distribye tè bay moun (refòm agrè), oubyen nan devlopman endistriyel monn oksidantal la, jouk rive nan epòk kote pral genyen kreyasyon vil modèn yo (ibanizasyon) nan finisman 19^{yèm} syèk la. Kalite transfòmasyon sosyo-teritoryal sa yo, ki ta kab rantre nan òganizasyon yon teritwa (nan yon sans laj) te vin pase, tou dousman, kòm prensip, kòm metòd, oubyen kòm politik inevitab nan jesyon sa ki konsène byen piblik yo. Enterè ki vin genyen pou lanviwonman an soti nan yon lòt liy panse, menmsi, defi sa yo se defi ki la depi byen lontan.

Ane yo pase yonn apre lòt, koze ki konsène anviwonman yo vin konekte ak dosye òganizasyon (amenajman) teritwa epi yo vin tounen yon pati espesyal ladan. An Ayiti, kreyasyon depatman Lagrikilti, apresya kreyasyon Lekòl agrikilti jouk rive nan divès branch lekòl pwofesyonèl ki santre sou lagrikilti, se te pwen dominan nan epòk Blan meriken de okipe peyi a. Ekzistans depatman sa a ak evolusyon li pou li vin tounen yonn nan ministè enpòtan yo, nan kèlkeswa gouvènman an plas la, demontre aklè dosye lagrikilti a te toujou an premye lè gouvènman yo ap tabli politik piblik pou peyi a. Sepandan, pwoblèm ki konsène amenajman teritwa te parèt pi plis sou fòm amenajman dapre bon vòlwa osnon kapris gwo otorite yo (nan peryòd apre endepandans lan ak *Henri Christophe* an patikilye) apresya vin genyen devlopman teritwa a nan yon lojik « Travo piblik » (sa vin bay kreyasyon chemen ki fèt sou ray avèk *Antoine Simon*; kreyasyon divès Pon ak Mache an fè avèk *Nord Alexis*) jouk rive nan divès travay amenajman pandan Blan meriken yo te okipe peyi a (sa te bay kreyasyon tout kalite edifis piblik) epi apre sa (se te amenajman pou Bisantnè Pòtoprens lan, kreyasyon vil Beladè, yon vil modèn, baraj dlo pou bay elektrisite epi idwo-elektririsite, bati kay pou travayè ak travayèz ka jwen lwaye pa twò chè yo konn rele site, kote lari yo te asfalte, genyen kanalizasyon pou dlo tourege, nan mitan vil yo, epi tou konstriksyon wout nasyonal yo).

Se pandan ane 1970 yo, nou te wè yo kòmanse fè yon travay amenajman teritwa avèk yon vizyon planifikasyon global, apati kreyasyon, an pasan, yon sèvis amenajman ki vin devlope pandan ane yo ap avanse jouk vin genyen yon Direksyon

amenajman teritwa a ak pwoteksyon anviwonman an (DAPTE an franse) anndan Sekretarya planifikasyon an. Gen yon moman ki rive, kote Direksyon amenajman an menm rive vale, sèvis ibanizasyon, yon sèvis enpòtan, anndan ministè Travo piblik, Transpò ak Kominikasyon (MTPTC an franse), ki te responsab gwo travay ki ta pe fèt nan anpil vil enpòtan anndan peyi a. Konsa, nan ane 1982, yo vin kreye premye Chema nasyonal pou amenajman teritwa a (SNAT an franse). Depi lè sa a, tout bagay mouri, pa gen anyen ki te fèt ankò, menm lè nou te tandè kalite pwopagann sou kreyasyon ministè Lanviwonman an (1995), ratifikasyon konvansyon an rapò ak chanjman global yo (1996)¹ oubyen ankò piblikasyon ofisyèl yon dekrè-lwa sou jesyon anviwonman an (2006), ansanm avèk ale-vini komite entèministryèl yo² sou wòl amenajman an, men, san yon pouvwa tout bon sou divès pratik politik piblik ki an rapò ak amenajman an³.

Konsekans tranbleman tè 12 janvyè 2010 la montre aklè kouman « Ayiti cheri nou an » te toutouni ». Li bon pou nou sonje, nou te plis pase anba plizyè deseni lèse grennen nan dosye amenajman teritwa a nan anviwonman yon zile frajil, ki se yon peyi, kote nou ap goumen ak dènye kras sistèm peyizànri a nan Karayib la, apre nou te pase akote plis pase yon syèk refleksyon syantifik ak aksyon piblik dyanm ak bon jan dokimantasyon toupatou sou latè sou koze amenajman teritwa, anviwonman ak devlopman teritwa. Nan mitan delabreman ak mache-prese ki vini apre tranbleman tè a, Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf la (GRAHN) te pran desizyon anrichi epi mete devan je tout moun refleksyon ki fèt sou koze amenajman an. Se konsa, nan liv⁴ li a, li parèt ak anpil pwopozisyon nan mitan tout lòt kontribisyon ki te soti toupatou pou devlopman Ayiti apre tranbleman tè a. Menm si yo ta kab konsidere chak grenn dosye kou lagrikilti, lanviwonman oubyen amenajman teritwa a pou kont yo, GRAHN te pito abòde yo ansanm pou demontre ak fòs lyezon sistèmik ki genyen nan twa dosye difisil sa yo nan rekonstriksyon ak refondasyon peyi a.

1. Convention Internationale de Lutte contre la Désertification, la Convention Cadre des Nations Unies sur les Changements Climatiques et la Convention sur la Diversité Biologique.
2. Comité interministériel d'aménagement du territoire (CIAT); Le Conseil Interministériel sur l'Aménagement du Territoire et l'Environnement (CIMATE); Le Conseil National pour l'Aménagement du Territoire et l'Environnement (CONATE).
3. Yon avan-pwojè lwa sou amenajman teritwa epi devlopman lokal te dwe pibliye depi novanm 2008; sa poko janm fèt. Fòk nou aprann travay avèk konsèp "kolektivite teritoryal" la ki te rantre nan Konstitisyon 1987 lan epi ki sou lidèchip Minitè Enteryè (Dekrè-lwa sou desantralizasyon, fevrye 2006).
4. GRAHN (2010). *Construction d'une Haïti nouvelle. Vision et contribution du GRAHN*, sous la direction de Samuel Pierre, Montréal, Presses internationales Polytechnique, 617 p.

Nan tèks nou pral li la a, nou vle prezante nou sa ki nan pwopozisyon sa yo pou nou kab genyen yon ide jeneral sou refleksyon oubyen sou sa ki te fèt sou eta delabreman peyi a depi twa ane ki fenk fin pase la yo. Sa va fasilite yon pi bon gouvènans pou anviwonman an nan peyi a ak pou teritwa a.

Nou ap prezante nou kèk pami pwopozisyon ki pi detaye yo. **Jean-Guerby Dorimain**, nan atik li a ki rele « *L'aménagement de Morne-Lory: Une proposition de stratégie visant la réduction des risques naturels et la durabilité dans la ville du Cap-Haïtien* », parèt ak yon konsèp amenajman pou dezyèm vil peyi a. Apati konsta pozisyon riskmiltip (ladan genyen risk pou tranbleman tè) nan mitan vil istorik sa a, ki gen twasanjan epi pozisyon sit ki rele Mòn Lori a, ki se yon ka ki ap anpire pami risk nou genyen sou teritwa a epi kòm opòtinite eksepsyonèl pou yon sistèm solisyon, **Dorimain** prezante, nan yon fason orijinal, yon konsèp pou amenajman yon Pak ekolojik nan mitan yon vil. Yon Pak kon sa kapab kreye yon modèl amenajman teritwa tou nèf, yon fason pou devlope lyen estriktiran solid epi polifonksyonèl ant yon vil ansanm ak anviwonman natirèl li.

Premye jou apre tranbleman tè a fin pase a, nan nouvel toupato, se te yon sèl pawòl peyi Ayiti pa genyen kapasite pou li jere kalite katastwòf sa a. Pa te gen anyen ki te kab fèt san èd entènasyonal epi prezans ONG ki te toujou la. Kounye a, se konnen konsekans yo? **Marc Schuller** nan atik li a: *Enpak èd entènasyonal sou enfrastrikti sivik: ONG nan kan pou deplase yo* » prezante nou rezilta obsèvasyon etnografik li yo ak analiz ankèt estriktire li fè sou teren an pou li montre konsekans èd entènasyonal la. Rezilta rechèch yo montre fason èd yo bay peyi a transfòmè dinamik sosyal peyi a epi yo afebli « enfrastrikti sivik » peyi a. Nan atik la **Marc Schuller** sèvi ak konsèp ki mete ansanm syans sosyal ak pratik amenajman yo epi ibanizasyon pou li mennen nou sou wout refleksyon nan mekanis repwodiksyon sosyal an Ayiti epi defi moun ki ap viv nan kan yo oubyen alantou kan yo genyen pou yo leve avèk faktè kou povrete, feblès nan òganizasyon, epi ratman nan kapasite pou moun yo jere tèt yo alavni.

Apre tranbleman tè a, pi fò èd la epi entèvansyon yo te fèt nan vil yo, espesyalman kote ki te pi kraze yo, tankou: Pòtoprens, Jakmèl oubyen Leyogàn. **Paul Smith, Anaïs Léger, Louis-Alexis Léger, Elodie Sabin** ak **Nadine Dominique** te vle kòmanse travay yo depi nan tèt pwoblèm estriktiral sou amenajman teritwa a. Nan yon atik ki rele: « *An ecological cluster model for rural development projects: application in Galette Chambon, Cul-de-sac watershed, Haiti* » yo envite lektè yo dekouvri yon modèl altènatif pou amenajman nan zòn riral, apati sitiyaasyon Galèt-Chabon, ki kab ankouraje moun yo rete nan zòn lan, ba yo travay epitou pèmèt yo bati divès espas natirèl tou nèf, ekilibre epi dirab.

Pami divès defi pou repwodiksyon sosyal la, li enpòtan pou nou abòde an menm tan kesyon pwodiksyon yo ansanm kesyon sosyal epi òganizasyon. Depi epòk yo te kòmanse sèvi ak premye

fòm sosyalis la, yo te vini ak kowoperativ kòm yon solisyon posib nan lojik pwodiktivis, ki ap kraze anviwonman an ansanm ak pwodiktè yo pandan sistèm kapitalis la ap anvayi lemonn⁵. Rive nan epòk mondyalizasyon an, defi yo kapab parèt ankò sou divès lòt fòm. Nan atik ki rele « *Les coopératives agricoles: un outil de développement au service des productrices et des producteurs haïtiens* », **Virginie Levasseur, Renée Brunelle, Ginette Carré** ak **Joseph Franck Mahotière** analize ranfòsman kowoperativ agrikòl yo kòm aksyon pou bay rejyon riral yo plis fòs epi se yon fason orijinal pou diminye presyon depasman moun yo nan direksyon Pòtoprens apre tranbleman tè a. Moun ki ekri atik sa a montre nou nan yon fason orijinal tout sa ki an rapò ak devlopman koperativ agrikòl yo, nan remete lavi nan ekonomi lokal yo ansanm ak nan devlopman vil ki pa twò lwen Pòtoprens yo.

Nan fason pou jere sitiyaasyon apre tranbleman tè a, prezans kan yo se te tankou yon senbòl, nan divès fason, yon mouvman sosyo-teritoryal kòmanse ap devlope an Ayiti. **Helen Spraos**, nan atik li a ki rele « *IDP Camps – the least worst option for the earthquake's homeless* », prezante nou nouvo aparans Pòtoprens avèk yon bann espas pou moun dòm-leve ki tanporè. Kan sa yo ki ta dwe disparèt apre kèk mwa, gen lè ap rete nan Pòtoprens pandan lontan. Ekspozisyon espas pou moun rete yo gen divès kalite modèl kay yo prepare pou Ayiti. Genyen ladan yo ki ekolojik epi genyen lòt tou ki parèt byen etranj. Malgre tout pawòl ki ap pale sou sekirite nan kan yo ak sou koze ijyèn ki poze anpil gwo pwoblèm pou kan yo, anyen pa sanble dekouraje moun ki rete nan kan yo. Atik sa a fèt sou yon etid ki an menm tan kantitatif epi kalitatif, yon fason pou eseye esplikè rezon ki lakòz kalite anvayisman sa a. Si nou byen konprann sitiyaasyon an, nou va rive wè rezon ki fè moun sa yo anvayi espas sa a epitou nou va rive konnen kisa nou kab fè pou chanje sitiyaasyon an, yon fason pou nou jwenn kolaborasyon moun sa yo nan amenajman katye tou nèf oubyen nan reyamenaj katye ki te kraze yo.

Atik ki parèt nan kaye temaitk sa a poko prèt pou sèvi kòm « referans nou kab suiv je-fèmen » pou amenajman teritwa Ayiti a, nou kab konsidere yo tankou bon wòch galèt ki merite pou nou pran pwa yo, travay yo, ekzaminen yo avèk swen, ba yo charèt, transfòmè yo, mezire yo pou nou wè ki jan nou kab sèvi avèk yo nan chapant fondasyon ak refondasyon teritwa Ayiti a. Pou nou fini, nou vle di kolaboratè nou yo ak moun ki bay tèks yo yon gwo mèsi, ki soti nan fon kè nou. Mèsi nou an, se anmenm tan pou komite direksyon GRAHN lan ak editè an chèf *Haïti Perspectives* la. Èd yo, opinyon yo, rekòmandasyon yo se te pou nou bon jan kontribisyon endispansab nan reyalizasyon kaye tematik sa a sou amenajman teritwa a, lanviwonman epi lagrikilti. ■

5. François Espagne (2000). « Les fondements pluriels de la créativité coopérative », *Économie & Humanisme*, n° 354, p. 22-26.

Carlo Prével, Ph.D. est Ingénieur-Agronome de formation. Il détient une maîtrise en aménagement du territoire et développement régional ainsi qu'un doctorat en sciences géographiques de l'université Laval. Il est actuellement professeur en univers social dans l'unité d'enseignement et de recherche en sciences de l'éducation de l'Université du Québec en Abitibi-Témiscamingue.

Jean-Marie Théodat, Ph.D. a fait des études de géographie (Doctorat) et de philosophie (Licence) à l'Université Paris-Sorbonne, il a exercé le métier d'enseignant-chercheur comme Maître de Conférences en Géographie à l'Université Paris I Panthéon-Sorbonne. Il est agrégé de géographie et l'actuel président du Conseil de Gestion du campus Henry Christophe de Limonade depuis son ouverture en 2012.